

# Pran Konesans Avan Ou Enskri

Anvan ou angaje ou nan zafa dèt oswa peye pou ou enskri nan yon lekòl oswa yon pwogram fòmasyon, fè devwa ou an premye. Kite m 'ba ou 10 ti konsèy enpòtan ki va ede w pwoteje lajan ou.

1. **Nou genyen kou edikasyon oswa kou pou fòmasyon gratis ak bon mache pou granmoun.** Vizite-nou nan **nyc.gov** oswa rele **311** epi mande enfòmasyon sou edikasyon gratis ak pri bon mache pou granmoun ki ta pèmèt ou resevwa fòmasyon pou travay. Ou ka patisipe nan kou sa yo nan Depatman Edikasyon an, Inivèsite pou la Vil New York, (CUNY), nan bibliyotèk piblik, nan òganizasyon kominotè ki rele Workforce1 Career Centers, ak plis lot kote ankò.
2. **Si yon lekòl oswa yon pwogram fòmasyon kònen nan zorey ou pi byen pase verite, pa mete twop konfians nan li.**
3. **Fè, rechèch sou rechèch.** Konsidere plizyè lekòl anvan w deside ki sa ki pi bon pou ou. Mande enfòmasyon sou gradyasyon ak pousantaj moun ki gradye, eki valè lajan elèv yo dwe , ak si wi ou non ou ka jwenn kredi ki ka pèmèt ou transfere nan kèlkeswa lòt lekòl. Chita nan yon klas, mande pou pale ak ansyen elèv ki deja konplete pwogram si la-a, epi vizite **nyc.gov** kote ou ka trouve kòmantè nan men elèv ki te pase la deja nan NYC Gid pou Fòmasyon. Mande pou wè yon lis ki gen anplwayè ki anboche elèv ki diplome deja, epi rele moun ki gen biznis sa yo pou mande opinyon yo sou lekòl la. Ou ta dwe tou fè bon jen rechèch nan domèn ki enterese w pou asire w ke tout bagay nan plas yo epi gen gwo chans pou ou jwen bon travay ki ka pèmèt ou avanse vit.
4. **Evite lekòl ki pa lisansye.** Gen kèk lekòl deyò a kap fonksyone ilegalman. Si ou ale nan yon lekòl ki pa gen lisans, ou pap janm ka pran egzamen pou ou gen lisans nan anpil domèn tankou enfimyè pa egzant. Vizite **nyc.gov** oswa rele Depatman Edikasyon pou Eta Nouyòk la nan (212) 643-4760 oswa (518) 474-3969 kon sa ou ka tcheke si yon lekòl vokasyonèl oswa yon lekòl komès gen lisans. Sonje, kan byen menm yon lekòl gen lisans, sa pa vle di ke li ap fonksyone byen, alò fè rechèch pa w sou lekòl la anvan ou kouri enskri. Rele **311** oswa vizite **nyc.gov** pou pote plent sou yon lekòl kap fonksyone san lisans.
5. **Pa kouri enskri nan premie jou ou vizite yon lekòl.** Anvan w enskri non ou, ou bezwen konnen konbyen lajan pwogram nan ap koute epi ki jan ou pral fè pou ou peye li. Pa pran yon desizyon si enpòtan san reflechi! Pran tan ou, pou fè rechèch sou lekòl la. Ale nan **nyc.gov** li NYC Gid pou Fòmasyon kote ou ka aprann anpil sou kèk lekòl ak kèk pwogram byen detèmine.

**6. Pa janm siyen okenn bagay ou pa konprann.** Si yon lekòl mete presyon sou ou pou siyen yon kontra oswa yon akò vit prese, kanpe lwen li. Ou gen dwa pou ou pote lakay ou tout dokiman enpòtan, konsa ou ka li yo pi plis ak anpil atansyon epi revize yo avèk yon moun ou fè konfyans.

**7. Mande ke yo ekri sou papie règleman lekòl la sou anilasyon yon kou ki te deja peye.** Règleman sa ta dwe esplike kouman ou kapab jwenn ranbousman lajan ou te peye si ou bezwen anile yon kou. Sepandan, yon fwa ou siyen, li ka difisil pou ou jwenn lajan an retounen.

**8. Fè atansyon sou zafè prete anpil lajan.** Gen kèk lekòl ki chaje dè dizèn de milye de dola. Anpil fwa, «èd finansye a" ki disponib la se pa lajan gratis, men pito lajan ke ou dwe remèt—avek enterè. Dèt sou zafè lekòl pran lontan pou paye, epi gen yon limit sou konbyen lajan ou ka mande prete. Lajan ou prete a kapab derange kredi ou si ou pa peye a tan. Asire w ke w konprann kondisyon yo epi ou va kapab fè peman yo. Sonje ke edikasyon ak kou pou fòmasyon gratis ak pri redwi se yon lot mwayen ki disponib pou ou. jete yon kou je sou ti konsèy # 1!

**9. Evite lekòl ki ofri "travay garanti" apre ou fin diplome.** Yon lekòl pa kapab bay garanti ke ou ap jwenn yon travay lè ou diplome. Anpil fwa, lekòl yo ki fè kalite pwomès sa yo pa genyen mwayen pou mete ou nan yon travay.

**10. Ou gen dwa a pote yon plent.** Eske ou te enskri nan yon lekòl oswa yon pwogram pou fòmasyon epi ou pat jwenn sa yo te pwomèt ou? Rele **311** oswa ale nan **nyc.gov** pou pote yon plent.

### **Eske ou dwe lajan pou zafè lekòl?**

Ale nan **nyc.gov** oswa rele **311** epi mande pou Biwo ki okipe zafè Finansman lekòl nan vil Nouyòk la, kote ou ka jwenn bon jen konsèy pwofesyonèl gratis.



Department of Consumer Affairs  
Office of Financial Empowerment  
Jonathan Mintz  
Commissioner

Center for  
Economic Opportunity  
Veronica M. White  
Executive Director

Mayor's Office of  
Adult Education  
Tara Colton  
Executive Director

NYC Service  
Deham Billings-Burford  
Chief Service Officer



"Protect  
yourMoney"